Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 35 (7227) 26 август Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багъа 7 гъурущ



# Пачалихъияб байрахъалъул къо



**22 августалда тIолабго Россиялдаго гIадин районалдаги тIобитIана Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб байрахъалъул къо. Улкаялъул гимналда гъоркь роха-хинлъиялъул ахIвал-хIалалда борхана гьениб Россиялъул байрахъ.**

Тадбир рагьулаго районалъул культураялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев ГI. ГIабдулаевас бихьизабуна: гьаб бугин хасаб праздник – улкаялъул байрахъ кколелъул гьелъул кIодолъиялъул кIвар бугеб символ, гьелъул къуваталъул борхалъи,-абун. Россиялъул байрахъалъул щибаб кьералъ бихьизабула хасал качестваби. «Щибаб пачалихъалъул руго жидерго символал, знакал ккола гьелъул суверенитетлъун. Гьел ккола герб, байрахъ ва гимнги. Пачалихъалъул символал ккола улкаялъул тарих ва гьелъул метерисеб къо. Гьелъ бихьизабула пачалихъалъул тарихиял нухал, цогидал улкабазде дандеккун гьелъул хаслъаби,-ян бихьизабуна хадубги ГI. ГIабдулаевас.

-Россиялъул пачалихъиял символазул бицунаго бищунго кIвар бугеблъун ккола гьелъул байрахъ. Абула байрахъазул официалияб кьер гьечIин. Амма дунялалъулго геральдикалда бихьизабула хъахIаб кьер лъик1лъиялъул ва ракI рагьиялъул ккolin, хъахIилаб-ритIухълъи, ракI бацIцIалъи, чIванкъотIи бугин, багIараб-бихьинчилъи, къвакIи, рекIел кIудияб гIатIилъи, рокьи кколин. Дица рикIкIуна ни лъер кIудияб улкаялъул киналго качестваби ругин байрахъалъулъ,-абун. Нилъеца гьел цIунизе, цIикIкIинаризе ккола. РакI-ракIалъ баркула праздник! Хадуб букIана концерт.

# Иргадулаб данделъиялда

**Араб анкьалда райадминистрациялда букIараб аппаратальулаб совещаниялда кIвар буссинабуна районалъул гIумроялдаса аслияб суалазде. Гьел ккола цIияб цIалул соналде школал хIадури, рищиязда хурхун, боцIуе вакцинация гьаби, росдал магIишаталъул переписалъул иналъул, неформалияб занятосталъул, ракьал хъвая лъул.**

Лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиевас бихьизабуна I сентябралде киналго школал хIадурго ругин. «ТIобитIана хIадурлъиялъул хIалтIул хал гьаби. ЦIезабулеб буго рейтингалъулаб таблица, гьелдалъун тIатинарулел руго мисалиял учительзаби, лъикIал школал, лъикIал классал, лъикIал директорал. Гьезие шапакъатал кьезе руго».

ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна цо-цо тIадеги лъай кьеялъул бакIазда гIунгутIаби ругин, гьел рахъал лъазаризе тIадкъана нухмалъиялда.

Гьенибго ХъахIабросулъ дандчIваялда тIатинарурал гIунгутIабаздаги тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадовас. Бихьизабуна цIадал ран хвезарурал нухал къачIазе хIажат ругин росулъ,-абун.

Росдал магIишаталъул переписалъул бицунаго бетIерасул кумекчи М. ХIажиевас тIадчIей гьабуна гьеб бергьенлъиялда гIумроялде бахъанин. –Ругел гIунгутIаби лъугIизаруна статистикаялъул отделалъул хIалтIухъабаз,- янги бихьизабуна гьес.

Районалъул бетIерас суал борхана ХъахIабросулъ модулярнияб дерматиталъ боцIи хвеялъул. Гьелда хурхун бадирчIваял гьаруна ветспециалистазе. Заряжение бачIунеб буго роржунел рухIчIаголъабазги, гьенибго бихьизабуна 30 гIан специалист хIалтIулев вугин боцIуе вакцинация ва гьел сах гьариялда,-абун.

Хадуб бицана неформалияб занятосталъул, ракьал хъваялъул, насосалъулаб станциялъул, рищиязде хIадурлъиялъул. ГIунгутIабазда хурхарал тIадкъаял кьуна жавабиязе.

# Р. XI. ГIабдулатIиповасе - шапакъат

Россиялъул Президент В. В. Путиница «За заслуги перед отечеством» IV даражаялъул орден кьезе указалда гъулбасана Дагъистаналъул БетIер Р. XI. ГIабдулатIиповасе. Указ бахъун буго правовияб информациялъул официалияб интернет-порталалда. Гьениб хъвалеб буго: «Пачалихъалда цере чIахIиял хIасилал ва гIемерсоназулаб хайир кьолеб хIалтIи гьабиялъе гIоло «За заслуги перед Отечеством» IV даражаялъул орден кьезе Дагъистан республикаялъул БетIер ГIабдулатIипов Рамазан ХIажимурадовичасе»,-абун.

# Районалдасан - баркиялъул кагъат

ХIурматияв Рамазан ХIажимурадович!

«Унсоколо районалъул» МОялъул администрациялъул, районалъул депутатазул Собраниялъул, живго районалъул бетIерасул рахъалдасан ракI-ракIалъ кинабго лъикIабщинабги гьарулаго баркула Дуда «IV даражаялъул «За заслуги перед Отечеством» орденалъе мустахIикълъи. Гьеб тIадегIанаб шапакъат щвеялъ бицуна ВатIаналде, Дагъистаналъул халкъалда цебе Дур ругел гьайбатал хIасилазул. РакI-ракIалъ гьарула Дуе щулияб сахлъи, гъира-шавкъ, бажари, кIудияб гIумроялъулаб талихI, тIегь бараб захIмат жеги Дагъистан ва Россиялъул Федерация цебе бачиналъе.

Нухмалъулезулги жамагIатазулги дандчIваял

# РакI-ракIалъулаб гара-чIваригун





**Араб рузман къоялъ ХъахIабросулъ букIана районалъул нухмалъиялъулги жамагIаталъулги дандчIвай. Гьелда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, отделазул ва организациязул нухмалъулел, гьединго РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъиялде кандидат М. МухIамадов. Гьединал дандчIваял тIоритIулел руго киса-кирего росабалъ.**

ДандчIвай рагьарав хъахIабросдерил бетIер М. МухIамадовас росуцоязе баян кьуна жидерго ругел захIмалъабазул бицине бегьулин дандчIваялда,-абун.

-Нижеда лъала нужер ругел захIмалъаби, амма дие бокьилаан щивас рагIи абичIого нужер вакилзаби кIалъазе рахъани,-ян абуна кIалъалаго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьес бихьизабуна: лъала нужер захIмалъаби рукIин ЖКХялда, лъеда, нухазда, росдал магIишаталда ва цогидалдаги хурхарал. ТIоцебесеб кIвар бугеб захIмалъи росулъ ккола нухал, гьелдасаги кIвар бугеблъун бетIерас рикIкIана электроснабжениялъул суалги. – Дица цебе суал лъун буго цIияб подстанция баялъул. Жакъасел шартIазда гьеб цIакъ захIматаб суал батана, амма гьеб гIумроялде бахъинабиялъе хIалтIаби гьарулел руго. Бицана ХъахIабросулъ цIияб цIалул соналде гьабулеб хIадурлъиялъул, учреждениязда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул. БетIерас бихьизабуна спорталда лъикIал хIасилал ругин, гьелъ ракI бохизабулинги.

Данделъиялда батIаго борхана боцIи тIаса унеб букIиналъул суал. -Дагъистаналъул боцIуда гъоркьор унтаби тIоритIулаго дица абуна районалда карантин лъезе ккolin. Гьарана гьанибе къватIиса, ай цогидал районаздаса боцIи, гьан, хер ва цогидабги биччаге,-ян. Бихьулеб букIахъе вирусалъ нилъер гьанибги боцIи холеб буго,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

Росдал гIадамаз кьуна жидеего рахIат толарел суалал. Гьел рукIана хварал нухазул, токалъул, сельхозтехника гьечIолъиялъул, гIадамазе щолел рукIарал субсидиязул. ХъахIабросдерица баркала загьир гьабуна гьедин гIадамазулгун дандчIваял гьаруралъухъ.

Гьединго дандчIваялда гъоркьор лъуна сентябрь моцIалда рукIине ругел рищиязда. Жиндирго программаялъулгун росдал г1адамазул лъай-хъвай гьабуна РДялъул халкъияб Собраниялде депутат М. МухIамадовас. –Дие бокьун буго нилъ росабиккун рикьичIого цолъун рукIине. Нилъ руго цо районалъул гIадамал, район ккеезеги ккола нилъеца. Районалъул патриот хIисабалда дида ракIалда буго районалъул аслиял захIмалъаби тIуразе гIоло гьел республикаялъул Халкъияб Собраниялда цере лъезе,-ян бихьизабуна гьес. Цолъизе, лъикIлъиялде руссине ахIана районалъул имам Гъ-М. Абакаровас.

Росдал гIумроялдасан рорхарал суалал тIуразариялъе тIадал гIадамазе гьенирго кьуна тIадкъаял.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 35 (7227)*

*26 август 2016 сон*



Республикаялда 1 сентябралда лъай кьеялъул процесс байбихьизе буго 2700 ялдаса цIикIкIун лъай кьеялъул учреждениязда. Гьединго рагьун руго 825 лъимадуе бакI бугеб 8 лъималазул ах. Регионалда руго кинабниги I487 школа, гьенир цIализе руго 374 азарго лъимер. Киналго школал хIадурго руго лъимал къабул гьаризе.



# Медицинаялъ гуро сах гьарулел, яги...

(Районалъул территориалияб больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовналъулгун гара-чIвари)

**Абула медицинаялъул хIалтIухъабаз нилъ нухда рачунин гьарураб къоялдаса байбихьун гIумро лъугIизегIан,-абун. Нилъеда гьоркьов къанагIатги ватизе рес гьечIо цо нухалъгIаги врачасде ккечIев чи. Гьединлъидал сахлъи цIуни ва медицина ккола нилъер гIумроялъул аслиял бакIал кколел рахъаллъун. Гьединин нилъ лъикIал рахъал цIехон нилъерго сахлъи цIунизе тIалаб-агъазалда рукIунел. Амма кидаго гуро гьеб гьабунги бажарулеб.**

**ГIадамазул сахлъи цIуниялде кIудияб кIвар кьола нилъер районалдаги. Гьениб хIалтIулеб буго I00 койкаялъе бакI бугеб Централияб районалъул больница. Киналго медицинаялъул учрежденияздаго гIадин гьенирги руго захIмалъаби, гьел лъугIизариялда тIад хIалтIулел руго унго-унголъунги гьеб ишалъе бажари бугел гIадамал. Гьал къоязда гьелъул хIакъалъулъ нижеца гара-чIвари гьабуна Унсоколо ЦРБялъул бетIерай врач Къадиева ГIайшат МухIамадовналъулгун.**

**-ГIайшат МухIамадовна, бокьилаан больницаялъул хIакъалъулъ бицани. Чан чиясе гьеб хIисабалде босун бугеб, чан росдае хъулухъ гьабулеб ва кинал отделениял ругел?**

-Нилъер Централияб больница ккола Унсоколо районалъул гIадамазе тIоцебесеб медицинаялъул кумек гьабулеб учреждение. Гьелъул структураялда руго Централияб больница, врачебнияб амбулатория, цент-ралияб районалъул поликлиника, 5 участковияб больница, 1 фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пункт ва I2 фельдшерлъиялъул пунктги. Больницаялъ хъулухъ гьабула районалъул I2 росдал гIадамазе. ЦРБялъул аслияб звено ккола стационарияб больница, гьеб бихьизабун буго I00 койкаялъе. Гьелъул 25 койка буго терапиялъул отделениялда, I5 койка - хирургиялъул отделениялъул, 25 - койка родильниябгун гинекологиялъул отделениялда, I3 койка - инфекционнияб отделениялдаги.



**- Кадрабазул иш кин бугеб больницаялда, кинал специалистал гIолел гьечIел яги цIикIкIунищ ругел?**

-Ахирияб заманалда гIураб къадаралда руго терапевтал. Чанго хъулухъ буго кадраби гIоларел. ГьабсагIаталда бищунго хIажатав врач нижее ккола педиатр-неонатолог. Гьев ккола цIи гьарурал лъималазул жагъаллъи сах гьабулев специалист. Хирургиялъул специалисталги гIолел гьечIо нижее. ЛъикIго хIадурарав гIолохъанав хирург хIалтIизе восизе бокьилаан. Гьелъул рахъалъ кирего заявкабиги кьолел руго. Лъабго специалистгIаги хирургиялде росизе ккола.

**-Нилъер гIезегIанал гIолилал цIализе лъугьунел руго медицинаялъул ВУЗалде. Щай гьел гIагараб районалде тIад руссунел гьечIел, гьел районалде ахIиялъе хIалтIи гьабулеб бугищ дуца?**

-Дица гара-чIвари гьабуна студентазулгун ва цебего институт лъугIаразулгунги. Гьезул цо-цояз цогидал шагьаразда жидерго хIалбихьи цебетIезабулеб буго, цо-цояз гьенирго чIезе къасд гьабун буго, гьенир ругьунлъун ругин.

**-Цо ругьунлъи батиларо гьеб, материалияб рахъги батизе бегьула. Кинал харжал щолел нилъер врачазе?**

-Квешал гьечIо. Дица хIаракат бахъула гIолохъанал врачазул хIалтIуде интерес бачIинабизе, кьола гьезие цIикIкIарал коэффициентал. Къокъго абуни 20 азарго гъурущ лъиениги щоларо. Гьоркьохъеб хIисабалда щола 30-34 азарго гъурущ.

**-«Земский доктор» программаялъул врачал ругищ нужер?**

-Руго гьединал врачал 7. 20I2 соналда росана лъабго стоматолог, кIиго терапевт, цо акушер-гинеколог. 20I4 соналъги восана цо участковияв терапевтги стоматологги.

**-Цо-цо мехалъ гIарзал рачIуна гIадамаздасан районалъул больницаялда хIажалъулел дараби гьечIилан. Гьеб хIакъикъияб бугищ, медикаментаздалъун хьезари кинаб бугеб?**

- ХIакъикъаталдаги абизе бегьуларо нижер киналго хIажатал дараби ругилан. Нижеца хIаракат бахъула 60 % гIаги хIажатал даразул больницаялда чIезабизе. Амма ккола цо-цо цIакъго багьаял препаратазде хIажалъи. Гьелги росизе хIаракат бахъула, амма кидаго гьедин росизе бажаруларо. ЦIакъго хIажатал дараби отделениязда чIезариялда хадуб хал ккола. Больниаялдасан лъикIал, багьаял дараби хъвазе тIалаб гьабулелги камуларо. Гьединаб тIалаб нижедасан гьабиги битIун гьечIо, гьез тIалаб гьабулел инъекциял ва препаратал базаялъулаб больницаялда чIезаризе тIадаб гьечIо.

**-Нужер больницаялда сах гьаризе ресал гьечIел унтаразе тIадегIанаб даражаялъул сах гьариялъул бакIазде направлениял кьезе яги квотаби ралагьизе рес бугищ?**

-Гьединал медицинаялъул хъулухъ хIажалъулел гIадамал загьир гьаризе гIоло щивав терапевтасул хъулухъ, амбулатория, участкаялъулал пунктал хIалтIизе ккола. Аслияб къагIидаялда гьабсагIаталда гьеб хъатIула рекIелгун бидурихьазул унтаби ругел гIадамазда. Гьединал кардиологиялъулаб диспансералде ритIизе хIаракат бахъула нижеца. Аслияб буго гьел тIатинари. Гьединго ахирияб заманалда гIемер дандчIвалел руго тазобедренияб сустав хисизе кколел гIадамал, гьединал гIемеразе кьуна квотаби. ЛъагIалида жанир ритIула 4-5 унтарал. Аслияб буго жиндир заманалда сах гьари.

**-Дуца абуна рекIелгун-бидурихьазул унтабаз унтаразе заманалда хъулухъ щвезе кколин. Нилъер бакIазда гьеб унтул сахаб статистика бугищ. Ахираб заманалда кинал унтабаз цIикIкIун гIадамал унтулел ругел?**

-ХIасилал гьарураб мехалъ бищунго цIикIкIун хвел цогидал бакIаздаго гIадин районалда буго кровообращениялъул, къокъго абуни гьелъ унтулезул контигент гIолохъанлъун буго. Врачал хIисабалда нижеда кIола чиясул сахлъиялда тIад асар гьабизе. Амма здравоохранениялда гIадамазул сахлъиялъул гIицIго I0 % бараб буго. 50 % живго унтарасда, гьесул квана-гьекъеялда, гIумро гьабиялъул даражаялда бараб буго. Балагье жакъа лъугьунеб бугелъухъ. ТIубараб гIумроялъул гиподинамия буго. ГIолилаз физическияб захIмат бихьулеб хIалтIи гьабулеб гьечIо, жидерго компьютеразда нахъаги гIодор чIун, яги телефоназда жанир рукIунел руго. Ахирияб заманалда гIемерисезул гIумро лъугIулебги буго заманаялъулал унтабаздалъун. Гьеб буго кровообращениялъул, сахарнияб диабеталъул, антологиялъул унтаби. 25% гIаги нилъер гIумро гьабиялъул къагIида хисизабуни унтаби нахъе къазе руго. Цоги захIмалъи буго – нилъер гIадамазул менталитет. ЦIакъ захIматго гурони гьел диспансеризациялде рачIинаризе кIоларо. ЗахIматал унтаби тIатинариялъе чара гьечIеб жо буго гьеб. ГIадамазул сахлъиялъе гIоло гьабулеб жоги буго гьеб.

**-Нужерго хIалтIулъ гьанжесеб технология хIалтIизабизе хIаракат бахъулищ дуца. Яги врачал цере гIадин хIалтIулелищ ругел?**

-Кинаб уровеналда нилъ ругониги заманаялъул стандарталдасан, къагIидабаздасан пайда босун хIалтIизе ккола нилъ. Амма кинабго нижее бокьараб ва хIажатаб оборудование гуро нижер бугеб. Цере гIадин гьанже хIалтIизе бегьуларо. Нижеца хIаракат бахъулеб буго скрипинговияб оборудование босизе. Гьелъ пациентасе рес кьола элементариял жал гьаризе: масала, бидул анализ, артериалияб давление чIезабизе, гьелъул холестерин, глюкоза ва цогидабги чIезабизе. Кинабго цIех-рех ва лечение гьелдасан байбихьизеги ккола. ЦРБялда гьеб рахъалъул обследование рукIалиде ккезабизе ккола, республикаялъул учреждениязде унтарал ритIичIого.

**-БетIерай врач хIисабалда дуда лъалел ратула нужер больницаялъул «унтарал» точкаби. Гьеб роценалда кинал мурадал ва масъалаби дуда тIуразаризе кIварал, кинал тIурачIого хутIун ругел?**

-ТIуран рагIалде рахъинчIого хутIун руго кутакалда гIемерал масъалаби. Бачине ккола больницаялде букIине кколедухъ лъим, гьабизе ккола ремонт. ГьабсагIаталда дагь-дагькккун ремонталъулал хIалтIаби унел руго отделениязда. Гьеб гьабун бахъана терапиялъул отделениялда. РакI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго нилъер ракьцояв МухIамадов МухIамадрасул ИсмагIиловичасе. Реанимационнияб отделениялда ремонт гьабизе финансазулаб рахъалъ кумек гьабурав. Аллагьас сахлъи кьеги гьесие ва гIагарлъиялъеги. ГьабсагIаталда санитариялгун-гигиеническиял нормабиги цIунун ремонтал гьарулел руго цогидал отделенияздаги. Унго-унголъунги цогидазда дандеккун санитариял нормабазда данде ккола Рихьуни участкаялъулаб больница, цогидал больницабаздаги хIажалъи буго жакъасеб къоялъе жаваб кьолел ремонтал гьаризе. Баркала буго нилъер бетIер ГI. НурмухIамадовасе кидаго гара-чIварилъе хIадурав, гьев кидаго нижер захIмалъаби лъугIизариялъе данде вачIуна. Ниж гIемер уна гьесухъе захIмалъабазул бицун, кидаго гьес ниж ричIчIун кумекги гьабула.

**-Райадминистрациялъул цо данделъиялда нужеца борхун букIана больницаялда электроэнергиялъул ругел захIмалъабазул суал. Сундулъ бугеб гьеб захIмалъи, гьеб тIубаялъулъ цебе ин бугищ?**

- Больница бокьараб заманалда ток гьечIого хутIизе рес буго. Гьеб лахIзат ккезе бегьула, масала, унтарав гьуърузул искусственнияб вентиляциялда вугеб мехалда. Нижер букIине ккола искусственнияб токалъул источник, амма больницаялда бугеб буго цIакъго загIипаб, дагьабго мощносталъул. Нижеца предложение кьун букIана больницаялъе хасаб электричествалъул линия цIазе, цониги чияс тIад базе течIого, больницаялъул хIалтIуе квал-квал ккечIого букIине. Киса-кибего гьеб тIубазе рес бугелщинал бакIазде ана дун. Хьул буго гьеб тIубалин, нижеца гьелъухъ гIарацги жиндир заманалда кьолелъул.

**(Ахир 4 гъумералда)**

2016 соналда Дагъистаналда гьоркьохъеб харж ккола I9 азарго гъурущ. Араб соналде дандеккун гьеб 5-6 роценталъ цIикIкIун буго. Гьелъ гIезегIанго гIодобе ккезабуна инфляция. Амма гIадамазулгун гьабураб гара-чIвариялда рекъон гьеб буго I6-I7 азарго гъурущ ва гьезул разилъи гьечIолъи буго щолел харжазда ва хIалтIуде росиялда хурхун.





# АхIулгохIда рагъаразул сияхI

(Аллагьас мунагьал чураги гьезул, шафакъат нилъеегИ щваги!)

*(Байбихьи 34 номералда)*

64. ЦIобокьа Зайнудинил Ислам-АхIулгохIалъул бахIарчи.

65. ЦIобокьа ГIамирил МухIамад-гьунар тIокIав гIужихъан, бахIарчи гIадин шагьидлъана.

66. ЦIобокьа ГIисахIажи-АхIулгохIда шагьидлъана рагъ ахиралде щолаго ва чанцIусаго лъукъана.

67. ЦIобокьа ГIали-имамасул гьудулзабазул цояв. ГохIда вукIана рагъул тIоцебесеб къоялдаса нахъе, шагьидлъана 2I августалда гIурусазул хучдузда гъоркь.

68. Хубаралдаса Нажмудин-шагьидлъана рагъул ахириял къоязда, аскIоб кьвагьараб гIарададул гулица черхалда гIемерал ругъналги лъун.

69. Гуниялдаса Султан-бахIарчиго вагъана, кинан хваравали лъазе кIвечIо.

70. Гуниялдаса ГIумар-бахIарчиго вагъана ва шагьидлъана июль моцIалъул ахиралда.

7I. Буртунаялдаса СултIангIали-шагьидлъана ШулалъулгохI- «Сурхайил си» бахъун хадуса.

72. Буртунаялдаса МухIамад - шагьидлъана гIемерал хвалилал ругъназдаса хадув.

73. ЧIикIаса Нуцалил ХIамзат-бахIарчи гIадин шагьидлъана ГохIда.

74. ГIашилтIаса Иляс-гIиявехь, Шамилиеги гьесул гьудулзабазеги АхIулгохIдаса рорчIун унаго нух бачине кумек гьабурав чи. Цеве унаго гъоркьчIалида рукIарал гIурусал чIвала гьес.

75. Дилималдаса МухIамадхIажиясул вас Ибрагьим-шагьидлъана бахIарчи гIадин, хвалил ругънал щварав чи, кьурулъа тIаде рачIунел тушбабазул хучдузде тIаде кIанцIана.

## Шамил имамасда цадахъ АхIулгохIдаса рорчIаразул сияхI

**I. Шамил имам - Дагъистаналъул тIолабго тарихалда бищунго цIар рагIарав инсан, миллияв бахIарчи, гьунар тIокIав рагъулав цевехъан, кавказалъулазул бетIер, пачалихъалъулав хIаракатчи, кIудияв гIалим, философ, поэт, гIакъил, XIX гIасруялда дунялалда, бищунго машгьурав инсан...**

2. ЧIикIаса Юнус-Шамилил бищунго цевесев гьудул ва гьесие ритIухъав чи, хIинкъи-къай лъаларев багьадур, цIодорав ва гIакъилав дипломат, АхIулгохIалъул бахIарчи, чанго нухалда лъукъун вукIана, рагъул аваладаса ахиралде щвезегIан, хIатта ахиралдаги ГъунимагIарда асирлъуде ккезегIан, Шамилида цадахъ вукIана.

3. Ахъбердил МухIамад-Хунзахъа, сверун ккураб АхIулгохIде вачIана къаси сардилъ чачаназул муридзабазул гьитIинабго къокъаги бачун. АхIулгохIда вагъана гьалбацI кинигин, тIуразарулаан Шамилил бищунго жавабиял, захIматал ва кIвар бугел тIадкъаял, бетIерлъи гьабулаан АхIулгохIалъул бищунго захIматаб квегIаб рагIаллъи цIуниялъе. Хадувккун гьев лъугьана бищунго бажари цIикIкIарав наиблъун, Шамилил аскаразул гьунар тIокIав цевехъанлъун, имамасдаса хадув кIиабилев чилъун, лъазавун вукIана, нагагьлъун Шамил хвани, гьесул бакI хисулев чилъун. I843 соналъул I2 июналда Хевсуриялъул Шатил хъалаялда аскIосан чвахулеб Аргун гIурул бетIерлъуда хиянатчияс гьев захIматго лъукъана. Гьелдаса битIахъе анкь араб мехалда, I8 июналда, 40 соналъул ригьалда хвана. Вукъун вуго Ичкериялъул Шатой районалъул Гуш-керт росдал хабалалъ.

4. Балахьуниса Муса-АхIулгохIалъул бахIарчи, гьенирго гIумруялдаса ратIалъана гьесул чIужу ва гьитIинай яс, цогидай яс Эгелди пачаясул талавурчагIазухъе асирлъуде ккана, вукIана лъукъун. Хадувккун Муса вукIана Шамилил машгьурав наиблъун, Кавказалдаго гьесул цIар тIибитIун букIана багьадур хIисабалда. Абулаан гьесда хIинкъи щиб жоялицин лъалароанилан, хадурккун ккезе бегьулел захIмалъабазул хIакъалъулъ киданиги ургъел гьабулароанила. Хвана I878 соналда Балахьунив.

5. Шамилил чIужу ПатIимат-Жамалудинил ва ГъазимухIамадил эбел.

6. Шамилил вас ГъазимухIамад-ункъо сон бараб лъимер.

7. ГIандиса Гъазияв-АхIулгохIалъул бахIарчи, чанго нухалда лъукъун вукIана, хадув ккана наиблъун, кидаго вукIана Шамилие ритIухъавлъун.

8. СалихI-Шамилил тIадкъаял тIуразарулев чи (рагьтIател).

9. ГьоцIалъа Худанатил МухIамад-АхIулгохIалъул бахIарчи, кIицIуса лъукъана, ругъназда жаниб бараб борохь гьалмагъзабаздаса бахчана. Хадуса гьев Шамилица Чачаналда ва цогидалги бакIазда наиблъун тIамуна, хвана I02 сон барав чи, вукъун вуго ГьоцIалъ. Росдал жамагIаталъ берцинго къачIан буго гьесул хоб.

I0. ГьоцIалъа Белади-хIинкъи-къай лъаларев магIарулав, АхIулгохIалъул бахIарчи, ахираб нухалда магIарде гьужум гьабулаго лъукъун вукIана.

II. ГьоцIалъа Гьимат-АхIулгохIда кIудияб лебаллъи ва тавакал бихьизабуна, вукIана лъукъун, хвезегIан кьури гьечIого Шамилил хьолбохъ вукIунаан.

I2. Гьарадерихъа НургIали-АхIулгохIалъул багьадур, кIицIулго лъукъун вукIана.

I3. ГIашилтIаса АхIмад-АхIулгохIалъул бахIарчи, кIицIулго лъукъун вукIана.

I4. ГIашилтIаса Якъуб-унго-унгояв игит, кутакалда къуватав ва тирияв 20 сон барав мурид, Шамилидаса хадув гьев кIиабилев кIанцIана ГIандигIоралда тIасан.

I5. Кантурай-ГIашилтIаса анлъго сон барай яс.

I6. ЦIобокь росулъа Мамаш-бахIарчилъиялда вагъана гохIда, вукIана лъукъун, АхIул гохIдаса нахъе унаго Шамилица гьесухъе кьуна жиндирго вас ГъазимухIамад, пачаясул аскаразул гъоркьчIалиде ккараб мехалъ Мамашил мугъзада ваччун вукIарав ГъазимухIамадил хIетIе лъукъун букIана. Хадув жиндирго васалгун цадахъ гьев вагъана пачаясул талавурчагIазде данде.

I7. Чачаназул Гендерген росулъа Мама-АхIулгохIде вачIана Ахъбердил МухIамадида цадахъ чачаназул бетIерлъуда, лебалав ва багьадурав мурид, Ичкериялде ворчIана Шамилида цадахъ. Имамги гьесул гьудулзабиги гьоболлъухъ рештIана Мамал рокъор, гIумруялъул ахиралде щвезегIан вагъана жиндирго ватIаналъул тушбабазда данде. Хвана I845 соналда Воронцовасул аскаразде данде вагъулаго. Гьесул вас Хсегу вукIана Шамилил наиблъун.

I8. ЧIиркъатIаса Гьимат-багьадур, вукIана лъукъун, Шамилие ва гьесул гьалмагъзабазе кумек гьабуна пачаясул аскарал хадур лъугьарал бищунго захIматал сагIтазда гьездаса рикIкIалъизе.

I9. ЧIиркъатIаса Ада-Гьиматил яс. Шамил ва гьесул гьалмагъзаби гIор бахун цере лъугьараб мехалда Гьимат, гьесул яс Ада ва нахъеги кIиго чи гьездаса ратIалъана ва гIурумухъ ккун БергIучIиб абураб бакIалдехун ана. Гьедин гьел ана ургъунго Шамил ва гьесул гьалмагъзаби ралагьулел Мехтулиялдаса АхIмадханил ва Хунзахъа ХIажимурадил пикру батIияб рахъалдехун буссинабизелъун. КIиго къоялдаса гьел ЧIиркъатIе тIад руссана (гьал баянал ракIарана ва мухIкан гьаруна ЧIиркъатIа росулъа Шихмирзаев КъурбанхIажияс).

20. ГIашилтIаса Ису-бахIарчи. АхIулгохIдаса нахъе унаго къаси сардилъ кьурулъа гъоркье ГIандигIурулъе кIанцIана кьурул борхалъи ва гIурул рагIаллъаби кинал ругищали лъазабизелъун, хадур киналгоги гьесдаго хадур кIанцIана ва цереса тIерхьана.

2I. Меседо-Шамилил ункъгIал.

## ГIурусаз бахъараб хъалаялъуса чIаго къватIире рорчIарал АхIулгохI цIунаразул сияхI

Нижеда лъазе кIвана ахирал балагьал къоязда АхIулгохIдаса нахъе унаго цо кинабалиго хIикматаб куцалда талавурчагIазул ризал хъаравуллъиялъулал постаздасан къватIире рорчIизе кIварал гьал хадур рехсарал гIадамазул цIарал:

I. ГIоратIаса КIудияв МухIамад-рагъул бахIарчи, Шамилил вукIарав хазиначи, кидаго вукIана Шамилида цадахъ, гьевгун ана Маккаялде, хадув тIад вуссана Стамбулалде, хвана ва вукъун вуго гьенивго.

2. ГIоратIаса Чудахил вас МуртазагIали-АхIулгохIалъул бахIарчи, захIматго лъукъун вукIана, хадув тIамуна наиблъун, хвана Ичкериялъул Шалиялда гIагарлъухъ рагъда, гьенивго вукъунги вуго.

3. ГIоратIаса СахIибиласул вас МухIамад-захIматго лъукъун вукIаниги АхIулгохIалдаса къватIиве ворчIана, хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна гIемерал рагъулал лъугьа-бахъиназда, хадув Паркала росдада аскIоб ккараб рагъулъ чIвана (Лак район).

4. ГIоратIаса СухъурхIажиясул вас МухIамад-гохIда вагьиялъул бахIарчи, захIматго лъукъун ва черхалда анлъго ругъун лъун букIана, кин бугониги Гумбеталъул Ингишо росулъе ворчIана, гьенивго сах гьавуна, хадув Даргъове ине кIвана, Шамилица гьев кIудияб рохалидалъун къабул гьавуна ва тIадкъана сундасаго нахъекъай гьечIев нусго муридасе бетIерлъи гьабизе.

5. Бодул цевехъан МуртазагIали-эркенлъиялъе гIоло гьабулеб рагъул тIолабго заманалда вукIана Шамилил ритIухъав гьудуллъун ва кумекчилъун, АхIулгохIалъул бахIарчи, вукIана захIматго лъукъун, гIахьаллъана I859 соналда Гъунир ккарал ахирал рагъазулъ.

6. МелъелтIаса Батир-АхIулгохIалъул лебалав багьадур, лъукъарав гьев вахчун вукIана нохъода. 22 августалъул сардилъ пачаясул солдатазул хъаравуллъиялде тIаде кIанцIана, цин офицер чIвана, хадур хутIарал солдаталги лъугIизарун эркенлъиялде ворчIана.

7. ГIашилтIаса Даришилав-хIинкъи лъаларев бахIарчи, гIужилав кьвагьдохъан, АхIулгохIдаса къватIире лъугьунаго Шамилие нух эркен гьабуна. Хъаладухъа къватIиве ворчIана гьенире тIаде талавурчагIи рахараб мехалда, чанго нухалда лъукъун вукIана.

8. ГIашилтIаса КъурбангIали-гьесул букIана гIицIго I5 сон, вагъулаан цIодорго ва лебалго. Хадуб Шамилица кIудияб кIвар кьуна гьев цIализавиялде. Гьесда тIадкъан букIана магIарда ккараб рагъул хIакъалъулъ хъвазе. Бицуна гьес кIудияб хIалтIи хъван ва гьелъул щибаб гьурмада живго гьесул магIил лъалкIал хутIун рукIанилан. Гьеб гьанжелъизегIанги кодобе щун гьечIо. Шамил асирлъуде ккаралдаса хадув гьев хIалтIана Хунзахъ къадилъун, хадув Шурагьив гьебго ишалда. КъурбангIалица жинцаго хвезабун, ялъуни кибниги магIарухъ нахъе цIунун батизе бегьула гьеб къиматаб хIалтIи.

9. ГIашилтIаса ГIамирхан-I4 сон барав гьев вагъулаан гьалбац1 гIадин тириго, вукIана лъукъун, АхIулгохIдаса ворчIана. Гьесул хадусеб къисмат лъаларо.

I0. ГIашилтIаса КаримухIамадгIали - вагъана лебалго, гьесул гьунаразул хIакъалъулъ биценал релълъуна битIахъе маргьабазда.

**(Хадусеб букIине буго)**

# Медицинаялъ гуро сахлъи цIунулеб...

**-Ахираб заманалда телевидениялдасан гIемер рихьизарулел руго врачазулги пациентазулги рагIи дандеккунгутIаби. Нужер больницаялда кколищ гьединал лъугьа-бахьинал, кколел ратани бетIерай врач хIисабалда мун киназул ра хъалда йикIуней?**

-Ахирияб заманалда гIадамазе медицинаялда ва жидерго ихтияразда хурхун лъикIго лъай щун буго. Гьединго гьезие лъикIго хъулухъ гьабичIони бокьараб горячая линиялде кIалъазеги бегьула. РукIуна нижер гьанирги гьединал дандеккунгутIиял. Цоцоял рази рукIунаро лечение гьабулеб куцалда, цогидаз тIалаб гьабула жал цогидаб бакIалде ритIе,-ян. Кин бугониги дица рикIкIуна врачасул налъи кколин унтарасул рахъалда рукIин. Щайгурелъул унтарав чи вукIуна каприз бугев, гIенеккуларев, хехго ракI холев. Врачасда гIайиб гьечIого рагIи гьабулеб бугони, хIалбихьула гьесда берцинго бичIчIизабизе. Киданиги врачас зарал гьабизе бегьуларо унтарасе. Гьеб цIакъ кIвар бугеб суал ккола.

**-Щулияб сахлъи гьитIинго, лъимерлъудаса нахъего цоцада сокIкIуна. Кин бугеб иш районалда педиатриялъул?**

-У, гIумро гьабиялъул сахаб къагIида байбихьизе ккола лъимерлъудасанго. Педиатраз бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккола эбел-инсуда гьоркьоб. Гьев вукIине ккола хъизаналъул врачлъун. Педиатразда лъазе ккола кинал шартIазда лъимер гIолеб бугебали, гьесул ирсалъулал факторал, гьелъ сунде рачунелалиги лъазе ккола. Эбел-инсуца хьаравуллъи кквезе ккола лъималаз гьабулелда хадуб, гIемер телевизоралъухъ балагьизе, компьютералда хIалел тезе бегьуларо. Лъимер гьитIинго жигараб букIине ккола, унтараб букIинчIого букIине. Гиподинамия байбихьула гьитIинаб гIужалдаго. Лъимер гIодичIого букIине эбелалъ гьелъухъе кьола телефон, жинцаго малъула гьелда гьеб. Гьединлъидал гIолеб буго кутакалда загIипаб гIел. Гьезул гIумро гьабиялъул сахаб къагIидаялда тIад хIалтIизе ккола эбелэмен.

**-ЗахIматто гьечIищ гьадинаб кIудияб коллективалъе нухмалъи гьабизе. БетIерай врачлъи гьеб медицинаялъулищ яги административиябищ кколеб?**

-ЦIикIкIунисеб административияб буго гьеб. БетIерав врачасда лъазе ккола больницаялда ва тIолабго коллективалда кколебщинаб, букIине ккола гъуцIарухъанлъиялъулаб бажари. ТIоцебесеб иргаялда бетIерав врач вугониги гьев вукIине ккола лъикIав специалистлъунги. Врач кидаго хIалтIизе ккола жиндиего гьеб ишги бокьун. Гьесие захIмат бокьизе ккола, букIине ккола лъай, живго вукIине ккола къадру-къимат цIунун.

**-ХIалбихьулеб гIадаб суал, кинаб бербалагьи бугеб дур халкъияб медицинаялдехун?**

-Квешаб гьечIо. Гьелъ бигьалъи кьолеб бугони, чиясул сахлъиялъе лъикIаб асар гьабулеб бугони, батIалъи щиб медицина гIадатияб яги халкъияб бугониги. Нилъер цересел умумаз сахлъи нахъ буссинабиялъе халкъияб къагIидаби хIалтIизарулаан. Гьезул букIана гIумро гьабиялъул сахаб къагIидаги, кваналаан лъикIабщинаб. Ва гьел дараби гьечIого тIуралаан.

**-Сахаллъун рукIиналъе дуца щиб малъилаан гьанжесел цIалдолезда?**

-Цониги медицинаялъ цIунуларо халкъалъул сахлъи. Нилъедаго бичIчIизе ккола нилъ кире унел ругелали, щиб гьабун лъикIали. Сахаб гIумро гьабиялъул бичIчIи кьезе ккола халкъалъе власталь, гIалимзабаз, врачаз. Кваназе ккола битIун, гьабизе ккола сахаб гIумро. Гьарула киназего лъикIлъи. Щуне нужго ва гIагарал квешабщиналдаса!

**ПРЕСС-ЦЕНТР**



---

# «ЛъикIал гIамалазул ах» тIехьалдасан

Ахирияб моцIалда тIолабго республикаялда тIобитIана Дагъистаналъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал гIамалазул ах» абураб тIехьалдасан конкурс. I4 августалда гьелъул тIоцебесеб этап тIобитIана Унсоколо района лъул Шамильхъала поселокалда. Гьенир гIахьаллъаразул къадар бахана 320 чиясде.



Конкурсалъул шартIазда рекъон конкурсалда гIахьаллъизе рес щвана руччаби-бихьинал, рарал санал, гьабулеб дин, миллат батIа гьабичIого киналго районцоязе. Аслияб шартI конкурсалъул букIана шайих А. ГIабдулаевасул гьеб тIехьалъул магIна щивасда лъай. Проекталъулги аслияб магIна ккола хIакъикъаталдаги лъикIлъиялъ живгоги сверухъ бугеб гIумроги лъазе кумек гьабулеблъи. Аслияб бук1ана т1ехьалда шайихасул малъахъвазде республикаялъул гIадамазул пикру буссинаби.

Шайихасул тIехьалдасан Шамильхъалаялда тIобитIулеб конкурс ана роха-хинаб, гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда. 400 ялде гIагарун чияс хIаракат бахъулеб букIана финалалде рорчIизе. Районалда конкурс тIобитIана ГI. ГIабдурахIмановас ва гьесул кумекчи Ш. Зияудиновас, гьезие кIудияб кумек гьабуна росабазул имамзабазги.

Конкурсалъул киналго гIахьалчагIазе къачIан рукIана кванил столал, сверухъ букIана гьудулльиялъулаб ахIвал-хIал. Гьеб унеб букIана тестирование гIадин. 9 гIахьалчияс жаваб кьуна 39-40 суалазе. Конкурсалъул финалалда гIахьаллъизе руго тIоцебесеб туралда 30 балл щварал 54 чи. Бергьаразе кьезе руго къиматал сайгъатал.

Гьединго гьебго къоялъ гIахьаллъаразе кIудияб пайда бугеб вагIза-насихIаталъул мажлис тIобитIана гIалимзабаз.

* * *

Арал къоязда гьабуна финалиял къецазул х1асилал. Гьениб призалъулал бакIал ккуразул хIакъалъулъ нижеца хадубккун газеталда лъезе руго.

---

*Пайдаял малъиял*

### *Заралиял жалаздаса черх кин бацIцIад гьабилеб?*

**Щивав чиясул чорхолъ рукIуна гьесул сахлъиялъе зарал гьабулел жал. Чорхолъ ритIараллъун рукIине ккани, гьоркьоса къотIичIого гьаризе ккола сахли цIуниялъе тадбирал. Гьелъие кумек гьабула гьоркьехун рехсараб щуго нигIматалъ.**

I. **Тимьян.** Гьеб хIалтIизабула иммунитет щула гьабиялъе.

2. **МихикI** (гвоздика). Гьеб кванилъе тIагIам бачIинабизеги бала. Амма гьеб нилъер чорхолъ ругел бактериязде, вирусазде, грибоказда данде чIола. Гье лъул нах хIалтIизабула цунлърузда дандеги.

3. **МахIквеш** (полынь горькая). Гьелъ сах гьарула кванирукъалъул унтаби. Гьеб хIалтIизабизе лъикIаб гьечIо лъимаде ругел ва гьелъие керен кьолел руччабаз.

4. **Ражи.** Гьелъ хвезарула вирусал, грибокал, бактериял.

5. **Имбирь.** Гьелъ щула гьабула иммунитет, хIалтIизабула цунлъруль хвезаризе.

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

## ОБЪЯВЛЕНИЯ

Разработана комплексная программа «МФЦ для бизнеса», которая включает в себя широкий комплекс услуг для бизнес-структур. Сегодня она насчитывает 114 видов услуг, в рамках которых предприниматель может получить помощь различного характера. Начиная от подготовки документов для регистрации ИП или ЮР лица, до получения различного рода форм государственной поддержки.

* * *

Открыт официальный счет для сбора средств пострадавшим при пожаре в с. Мокок.

21 августа в селе Мокок Цунтинского района произошел пожар, охвативший примерно 80% поселения. Больше половины жителей остались без крыши над головой, в том числе – более 100 детей.

По сообщению главы Цунтинского района Пахрудина Магомединова, открыт официальный счет для сбора средств пострадавшим при пожаре в с. Мокок, зарегистрированный на главу администрации села Алиева Алибахарчи Исаевича:

СБЕРБАНК: 4276860024453819

Напоминаем также, что в Миннац РД открыт пункт приема вещей – новой детской одежды, обуви, комплектов постельного белья – для оказания помощи жителям Мокока (тел. контактного лица: +7 (8722) 67-18-29).


| Газета основана 1937 г. | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД | Адрес редакции: | Адрес издателя: |
|---|---|---|---|
| УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района | Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г. | 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28 | г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 |
| Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА | Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Телефон редактора 55-63-07 sadovoduns@yandex.ru | Подписано в печать 10. 25. 16 г. 17. 30 фактически -18. 40 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1400 экз. |